



SESORAH BUPATI
UPACARA PENGETAN 1 ABAD KABUPATEN SLEMAN
SURYA : 15 MEI 2016

Assalamu'alaikum Wr.Wb.

*Karahayon, kabagan, kasarasan, mugi tansah kajiwa kasarira kula
penjenengan sami*

Ingkang dhahat kinurmatan,
Bapak ibu Forum Koordinasi Pimpinan Daerah
Kecamatan
Para sesepuh, aji sepuh, sagunging tamu pisedhahan,
Ian para rawuh ingkang pinanggih suka basuki ing sedayanipun.

Alhamdulillahirobbil'alamin, Puji Syukur mangga tansah
kaauturaken wonten Ngarsa Dalem Gusti Allah Ingkang Murbeng
Dumadi, ingkang mboten kendhat paring kanugrahan, kanikmatan,
rahmat hidayahipun dhumateng kula panjenengan sedaya, saengga
wonten ing titi wanci punika Pemerintah Ian masyarakat Sleman
saged hamengeti 1 Abad Sleman. Pengetan 1 abad Kabupaten

Sleman mendhet irah-irahan “Dengan Hari Jadi ke-100 Kabupaten Sleman Kita Kedepankan Nilai-nilai Budaya Dalam Mewujudkan Masyarakat Sleman Sembada”. Menika sampun laras lan trep kaliyan visi misi Kabupaten Sleman 2016-2021 inggih menika “Terwujudnya Masyarakat Sleman yang Lebih Sejahtera, Mandiri Berbudaya dan Terintegrasikannya Sistem e-Government Menuju Smart Ragency Pada Tahun 2021”

Sagedipun kaleksanan visi menika minangka tanggel jawab kula panjenengan sami kanthi makarya sesarengan kaliyan pemerintah daerah, masyarakat, civitas akademika lan ugi pangarsaning masyarakat ing Kabupaten Sleman. Kange mujudaken Sleman ingkang Smart Regency saged dipun wiwit saking tataran baku injih menika kulawarga. Kulawarga minangka kunci kasilipun masyarakat sejahtera.

Sagunging para rawuh ingkang kinurmatan

Kenakalan remaja tasih dipun prangguli ing masyarakat ing sak kiwa tengen kula panjenengan sami, lan ugi kriminalitas ing papan sanes sakestu damel miris. Kawontenan menika mbetahaken kawigatosan kula panjenengan sami lan ugi minangka tanggel jawab jejibahan kange mbetengi kulawarga ingkang dados garda depan mujudaken pendidikan karakter kange putra-putrinipun.

Lumantar pendidikan karakter menika, dipun angkah saged mbabaraken generasi ingkang cerdas, mandiri lan ugi mbudaya saengga dados pawitan utawi modal utama hambangun Sleman

tumuju Smart Regency. Visi Sleman 2021 minangka gegayuhan kula panjenengan sami ingkah kedah dipun wujudaken. Sumangga rerangkening Pengetan Ri-Dumadosipun Kabupaten Sleman ingkang sampun jangkep 1 Abad menika dipun dadosaken wiwitan hambahun Sleman ingkang langkung Sejahtera, Mandiri, lan mbudaya.

Kan thi yuswa jangkep 100 tahun, Kabupaten Sleman sampun mekar ngrembaka hanggadhahi daya pikat lan sampun ngetingalaken kewasisanipun. Maneka warni prestasi sampun saged dipun regem kabupaten Sleman. Lajuning pembangunan minangka setunggaling proses ingkang terintegrasi lan sambung-sinambung, pramila asiling pembangunan lan prestasi sampun saged dipun wujudaken kaliyan sedaya masyarakat. Asil menika mboten ngemungaken Pemerintah ingkang saged mujudaken, hananging sedaya masyarakat ingkang sampun kersa sabyantu kaleksananipun pembangunan.

Pramila menika, kula matur agunging panuwun dhumateng sedaya masyarakat Sleman, Swasta lan sedaya kemawon ingkang sampun estu-estu ngesokaken tenaga, pikiran kangge sabyantu kasilipun pembangunan Sleman.

Sinaosa mekaten, ing titiwanci menika kula panjenengan sami dipun adhepaken kaliyan tantangan ingkang langkung awrat ing mangsa ingkang badhe dateng. Antawisipun wontenipun mandhaping angka kemiskinan lan kangge mujudaken masyarakat ingkang aman, tertib lan sejahtera. Pramila sumangga kula

panjenengan sami sareng-sareng lumiyating asta kangege mujudaken Masyarakat Sleman ingkang sejahtera.

Mugi-mugi Gusti Ingkang Maha Asih tansah paring ridho lan mbimbing kula panjenengan sami, saperlu ningkataken nindakane rodhaning paprentahan lan hambangun daerah ingkang manfangat lan piguna kangge sedaya masyarakat Sleman. Amin.

Wassalamu'alaikum Wr.Wb.

Sleman, 15 Mei 2016

Bupati Sleman

A handwritten signature in black ink, appearing to read "SRI PURNOMO". It is written in a cursive style with a long horizontal line extending from the end of the signature.

SRI PURNOMO